

Rete an sante



This is an Official U.S. Government Product

Sèvis Prevansyon Medicare (Medikè) yo

Yon fason ki fasil e ki enpòtan pou rete an sante se pou jwenn aksè nan sèvis prevansyon ak deteksyon bonè yo. Sèvis prevansyon ak deteksyon bonè yo gendwa anpeche w devlope sèten maladi oswa yo gendwa ede w detekte pwoblèm sante bonè, lè tretman an pi efikas. Pale ak doktè w oswa founisè swen sante w pou chèche konnen ki tès oswa lòt sèvis ou gendwa bezwen, jan sa dekri nan tablo ki annapre a, ak konbyen fwa w ap bezwen yo pou kapab rete an sante. Si w gen Original Medikè, w ap kapab benefisye yon vizit « Wellness » (Byennèt) ak anpil sèvis prevansyon ki gratis.

Enfòmasyon ki nan tiliv sa a te aktyalize lè yo te enprime tiliv la.
Kouvèti Medicare pou sèvis prevansyon gendwa chanje nenpòt kilè.
Al gade nan www.Medicare.gov pou kapab jwenn plis enfòmasyon.

Èske w te konnen Medicare peye pou...

<p>Deteksyon anevrism awòtik abdominal</p>	<p>Yon tès ultrason deteksyon yo fè yon sèl fwa pou moun ki gen risk. Si gen antesedan nan fanmi w moun ki te genyen anevrism awòtik abdominal, oswa si w se yon gason ki gen ant 65 ak 75 lane e ou te fimen omwens 100 sigarèt pandan tout lavi w, yo konsidere ou se yon moun a risk.</p> <p>Medicare peye pou tès sa a si w jwenn yon referans nan kad vizit prevansyon pou yon sèl fwa ki rele « Byenvni nan Medicare » ou an.</p>
<p>Deteksyon ak terapi pou moun ki abize alkòl</p>	<p>Medicare peye pou yon tès deteksyon pou moun ki bwè twòp alkòl chak lane pou adilt ki gen Medicare (ikonrpi fanm ki ansent) pou detekte moun ki bwè twòp alkòl, men ki pa depann de alkòl la. Si rezilta tès la pozitif, w ap kapab jwenn jiska 4 sesyon terapi kout chak lane (si w kapab konprann e si w kapab konsetre pandan terapi a). Yon doktè jeneralis oswa kèlkeswa lòt founisè swen sante kalifye dwe òganize terapi a nan yon anviwònman pou swen jeneralis.</p>
<p>Mezire mas zo yo</p>	<p>Tès sa yo ede w konnen si w gen risk pou zo w fraktire.</p> <p>Medicare peye pou tès sa yo yon fwa chak 24 mwa (pi souvan toujou si li nesèsè medikalman) pou sèten moun ki gen risk devlope ostewospowòz.</p>
<p>Maladi kadyovaskilè (Terapi konpòtmantal)</p>	<p>Medicare pral peye pou 1 vizit chak ane pou doktè jeneralis ou ede w redui risk pou w devlope yon maladi kadyovaskilè. Pandan vizit sa a, doktè w gendwa diskite avèk ou pou wè si w ta dwe pran aspirin (sis sa apwopriye), tcheke tansyon ou e ba w konsèy pou asire li ou manje kòrèkteman.</p>
<p>Tès kadyovaskilè</p>	<p>Mande doktè w pou li tcheke nivo kolestewòl, lipid ak trigliserid ou yo pou chèche konnen si w gen risk pou fè kriz kadyak oswa aksidan vaskilè serebral. Si w gen risk, gen demach ou kapab fè pou anpeche ensidan sa yo.</p> <p>Medicare peye pou tès kolestewòl, lipid ak trigliserid chak 5 kan.</p>
<p>Tès pou detekte kansè kolorektal</p>	<p>Tès sa yo ap ede w detekte bonè kansè kolorektal, lè tretman yo pi efikas.</p> <p>Si w gen 50 lane oswa plis, oubyen ou gen anpil risk pou devlope yon kansè kolorektal, Medicare peye pou 1 tès oswa plis pami tès sila yo : tès deteksyon san okilt fekal (san nan pou pou), sigmoidoskopi fleksib, kolonoskopi deteksyon ak lavman ak baryòm. Konbyen fwa Medicare peye pou tès sa yo va depann sou tès la ak sou nivo risk ou pou w devlope kansè sa a. Oumenm ak dkotè w pral deside ki tè ki pibon pou w.</p>
<p>Tès pou evalye depresyon</p>	<p>Medicare peye pou 1 tès depresyon chak ane pou tout moun ki gen Medicare. Yo dwe fè tès la nan yon klinik swen jeneralis ki ofri tretman suivi ak referans.</p>
<p>Tès pou dyabèt</p>	<p>Medicare peye pou tès ki detekte dyabèt oswa eta pre-dyabetik yo. Tès sa yo disponib si w gen faktè risk sa yo : tansyon ki wo, dislipidemi (antesedan nivo kolestewòl ak trigliserid ki anòmal), obezite oswa antesedan nivo sik ki elve. Medicare peye pou tès yo tou si w gen 2 oswa plis nan karakteristik sila yo : ou gen omwens 65 lane, ou gra, ou gen antesedan nan fanmi w kote gen moun ki gen dyabèt (paran, frè, sè), antesedan dyabèt jestasyonèl nan fanmi w (dyabèt pandan gwosès la), oswa ou te fè yon timoun ki te peze plis pase 9 liv lè li te fèk kèt.</p> <p>Sou labaz rezilta tès sa yo, ou gendwa elijib pou benefisye 2 tès deteksyon gratis chak ane. Pale avèk doktè w pou w kapab jwenn plis enfòmasyon.</p>

Èske w konnen Medicare peye pou...

Fòmasyon pou moun ki gen dyabèt kapab okipe tèt yo	Fòmasyon sa a se pou moun ki gen dyabèt ki gen yon òdonans alekri yon doktè oswa nenpòt ki lòt founisè swen sante kalifye te bay yo.
Vaksen kont lagrip	Vaksen sa yo anpeche moun gen lagrip enfliyenza oswa viris flou a. Medicare peye pou vaksen sa yo yon fwa chak sezon lagrip flou pandan peryòd lotòn oswa live pou tout moun ki gen Medicare. Ou bezwen pran yon vaksen kont lagrip pou viris aktyèl chak ane.
Tès kont glokòm	Tès sa yo ede detekte maladi zye glokòm. Medicare peye pou tès sa yo yon fwa chak 12 mwa pou moun ki gen risk devlope glokòm.
Vaksen kont Epatit B	Seri 3 vaksen sa a ede pwoteje moun pou yo pa trape Epatit B a. Medicare peye pou vaksen sa yo pou moun ki gen yon gwo risk oswa yon risk mwayen pou yo devlope Epatit B.
Tès pou detekte VIH	Medicare peye pou tès VIH (Viris Iminodefisitè Imen) pou fanm ki ansent ak moun ki gen risk pou yo gen enfeksyon sa a, ikonpri kèlkeswa moun lan ki mande fè tès la. Medicare peye pou tès sa a chak 12 mwa oswa jiska 3 fwa maksimòm pandan yon gwosès.
Mamogram (Tès pou detekte kansè nan tete)	Yon kalite reyon Iks pou detekte kansè tete anvan oumenm oswa doktè w kapab detekte li ak men nou. Medicare peye pou mamogram yon fwa chak 12 mwa pou tout fanm ki gen omwens 40 lane. Medicare peye tou pou 1 mamogram debaz pou fanm ki gen ant 35 ak 39 lane.
Sèvis terapi nitrisyon medikal	Medicare peye pou terapi nitrisyon medikal ak sèten sèvis ki asosye ak terapi nitrisyon an, si w gen dyabèt oswa maladi ren, oubyen si w te fè yon transplantasyon ren pandan dènye 36 mwa ki sòt pase yo, e si doktè w oswa yon lòt founisè swen sante te refere w pou w jwenn aksè nan sèvis sa a.
Tès ak terapi pou obezite (lè moun twò gra)	Si w gen yon endis mas kòporèl ki atenn 30 oswa plis, Medicare peye pou terapi entansif pou ede w megri. Li gendwa peye pou terapi sa a si yo ba w li nan yon anviwònman swen jeneralis, kote yo kapab kowòdone li avèk plan prevansyon konplè w lan. Pale ak doktè swen jeneralis oswa lòt founisè swen sante pou kapab jwenn plis enfòmasyon.
Pap Tès ak egzamen pèlvis (ansanm ak yon egzamen tete tou)	Tès laboratwa ak egzamen sa yo se pou detekte kansè sèkal ak vajinal. Medicare peye pou tès ak egzamen sa yo chak 24 mwa pou tout fanm ak yon fwa chak 12 mwa pou fanmi ki gen gwo risk pou devlope maladi sa yo.
Vaksen nemokokal	Vaksen sa a anpeche enfeksyon nemokokal (tankou sèten kalite nemoni). Medicare peye pou vaksen sa a pou tout moun ki gen Medicare. Pifò moun yo bezwen pran vaksen sa a sèlman yon fwa nan tout vi yo. Pale ak doktè w.

Èske w konnen Medicare peye pou...

<p>Vizit prevansyon</p>	<p>Yon sèl vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare »—Medicare peye pou yo egzamine sante w ak pou ba w edikasyon ak terapi osijè sèvis prevansyon, ikonpri sèten tès ak referans pou lòt swen, si sa nesèsè.</p> <p>Medicare peye pou vizit sa a sèlman pandan 12 premye mwa kontra Pati B Medicare la.</p> <p>Vizit anyèl « Byennèt »—Si w gen Pati Ba depi pi lontan pase 12 mwa, ou kalifye pou yon vizit byennèt chak ane pou devlope oswa pou aktyalize yon plan prevansyon ki pèsonalize ki baze sou sante w ak faktè risk ou genyen koulye la yo.</p> <p>Medicare peye pou vizit sa a yon fwa chak 12 mwa.</p>
<p>Tès pou detekte kansè nan pwostat</p>	<p>Tès sa yo fèt pou detekte kansè nan pwostat.</p> <p>Medicare peye pou yon egzamen rektal dijital ak yon tès laboratwa Antijèn Pwostatik Espesifik (PSA) yon fwa chak 12 mwa pou tout gason ki gen omwens 50 lane ki gen (kontra a kòmanse lelandemen jou 50yèm anivèsè w).</p>
<p>Tès pou maladi ki seksyèlman transmisib ak terapi</p>	<p>Medicare peye pou tès deteksyon maladi ki transmèt seksyèlman (MST) pou klamidya, gonore, sifilis ak Epatit B. Tès sa yo peye pou moun ki gen Medicare ki ansent e/oswa pou sèten moun ki gen yon pi gwo risk pou yo gen yon MST, lè se yon founisè swen sante jeneralis ki preskri yo. Medicare peye pou tès sa yo yon fwa chak 12 mwa oubyen detanzantan pandan gwosès la.</p> <p>Medicare peye tou pou jiska 2 sesyon terapi konpòtmantal endividyèl ki dire ant 20 ak 30 minit, fas-a-fas wot-entansite pou adilt ki gen aktivite seksyèl ki gen risk ki pi elve pou gen MST. Medicare ap peye sèlman pou sesyont erapi sa yo, si yon founisèswen sante te apwouve yo e si yo òganize yo nan yon anviwònman swen jeneralis, tankou nan klinik yon doktè. Sesyon terapi yo òganize nan yon anviwònman pou pasyan ki sejoune, tankou nan yon etablisman swen enfimye kalifye, pa kouvri antan yon benefis prevansyon.</p>
<p>Terapi pou ede moun kite fimèn</p>	<p>Terapi pou ede moun kite fimèn gratis pou moun ki fimèn oswa ki itilize produi taba e pouki yo pa t dyagnostike yo te genyen yon maladi kit e vin koze oswa ki vin agrave poutèt yo pran taba. Medicare app eye pou 8 vizit fas-a-fas omaksimòm pandan yon peryòd 12 mwa. Vizit say o se yon doktè kalifye oswa yon lòt pwofesyonèl Medicare rekonèt ki pou fè yo.</p>

Sa w ap dwe peye oumenm

Medicare peye anpil sèvis prevansyon pou w si w jwenn yo nan men yon doktè ki kalifye oswa nan men yon lòt founisè swen sante ki aksepte travay la. Konsènan sèten sèvis prevansyon, ou petèt ap dwe peye yon dediktib, yon koasirans e/oswa yon kopeman. Montan sa yo varye selon kalite sèvis ou bezwen yo ak kalite plan sante Medicare ou genyen an.

Si w bezwen plis enfòmasyon

Si w bezwen plis enfòmasyon osijè kontra asirans Medicare la pou sèvis prevansyon sa yo, ikonpri sa w ap dwe peye nan Original Medicare, al gade nan www.Medicare.gov/publications pou gade oswa enprime tiliv la ki rele « Gid pou Sèvis prevansyon Medicare yo ». Oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) e mande yon kopi. Moun ki malantandan ta dwe rele nan 1-877-486-2048.

Ou gendwa al gade tou nan www.MyMedicare.gov pou kapab jwenn yon aksè dirèk nan enfòmasyon sou swen prevansyon— 24è sou 24, chak jou. Ou gendwa suiv sèvis prevansyon yo, jwenn yon kalandriye sou 2 lane pou tès Medicare kouvri yo ak pou egzamen pouki w elijib, e pou enprime yon rapò pèsonalize « anvan pou w ale » ou gendwa mennen nan pwochen randevou ou genyen ak doktè w lan. Al gade sit Wèb la, enskri w e Medicare pral voye w yon modpas pou pèmèt ou jwenn aksè nan enfòmasyon Medicare pèsònèl ou yo.